

## **Apèl nan Twazièm Tribinal Distrik pou Apèl nan Florida**

### **Enfòmasyon pou Moun Ki Pa Genyen Yon Avoka**

Biwo grefye ki nan tribinal sikwi nan Konte Miami-Dade ak nan Monroe epi ki nan Twazièm Tribinal distrik pou apèl pa genyen pèmisyon pou yo bay konsèy legal ba ankenn pati ki enplike nan yon ka apèl. Anpil fwa, moun ki pa genyen avoka ki reprezante yo (pafwa yo rele yo pati “Pro Se”) mande ki kote epi ki jan yo kapab jwenn konsèy legal ki genyen pou wè ak apèl yo a. Lis ki pi ba a genyen kèk sijesyon jan sa di nan Bawo Florida, men pinga ou konsidere ke se yon lis konplè. Bibliotekè piblik lokal ou a kapab ede w jwenn yon òdinatè ki genyen entènèt oswa ki genyen sit entènèt ki nan dokiman sila.

**Pati Pro Se yo dwe eseye jwenn konsèy legal pou sa ki genyen pou wè ak apèl yo genyen. Genyen dwa legal enpòtan ki kapab pèdi si règ pou pwosedi yo pa respekte. Fòk ou swiv règ ki detèmine delè yo epi kondisyon pou w soumèt yon dosye, si pati yo pral nan apèl.**

Seksyon Pratik Apèl nan Bawo Florida prepare yon “Gid pou apèl Pro Se (reprezante tèt ou)©” ki detaye. Edisyon 2016 manyèl sila disponib sou entènèt an angle, panyòl epi kreyòl. Vèsyon angle an disponib sou entènèt sou lyen sila:

[http://www.flabarappellate.org/prose/pdf/EDIT\\_ProSe\\_English\\_2016.pdf](http://www.flabarappellate.org/prose/pdf/EDIT_ProSe_English_2016.pdf)

Vèsyon panyòl lan disponib la:

[http://www.flabarappellate.org/prose/pdf/Edit\\_ProSe\\_Spanish\\_2016.pdf](http://www.flabarappellate.org/prose/pdf/Edit_ProSe_Spanish_2016.pdf)

Vèsyon kreyòl manyèl lan disponib la:

[http://www.flabarappellate.org/prose/pdf/Edit\\_ProSe\\_Creole\\_2016.pdf](http://www.flabarappellate.org/prose/pdf/Edit_ProSe_Creole_2016.pdf)

Yon kopi papyè “Gid pou Apèl Pro Se© a disponib nan akèy biwo Grefye ki nan Twazyèm tribinal DCA, nan adrès 2001 S.W. 117 Avenue, Miami, Florida 33175 (ouvè bay piblik la soti Lendi pou rive Vandredi 9 a.m pou midi, 1:30 p.m. pou 4:30 p.m.)

Nan Miami, sit entènèt sèvis pou refere Avoka ki nan Asosyasyon Bawo nan Konte Dade nan Miami disponib la, <https://www.dadecountybar.org/page/pubreferralservice> epi ou kapab kontakte sèvis sila nan nimewo (305) 371-2646. A pati Jen 2019, yo refere klyan yo bay yon avoka ki gen lisans pou yon konsiltasyon ki ka dire jiska 30 minit pou yon frè \$50.00.

Sèvis pou refere avoka ki nan Bawo Florida bay menm tip sèvis yo nan tout Florida, kidonk nan Konte Monroe tou. Sit entènèt la se: [http://www.unitycoalition.org/files/Flyer1\\_Florida\\_Bar\\_Lawyer\\_Referral\\_Service.pdf](http://www.unitycoalition.org/files/Flyer1_Florida_Bar_Lawyer_Referral_Service.pdf) epi ou kapab jwenn sèvis sa nan nimewo 1-800-342-8011. A piti Jen 2019, genyen yon frè \$25.00 pou yon reyinyon 30 minit.

Kopi “Règ Florida pou Pwosedir pou fè Apèl” disponib sou entènèt nan yon lyen ki sou sit entènèt Tribinal Apèl Twazyèm Distrik lan:

<https://www.3dca.flcourts.org/content/download/526818/5853043/Florida%20Rules%20of%20Appellate%20Procedure%20.pdf>

Ou kapab jwenn lòt règ, lwa ak opinyon nan Tribinal Florida a yon sit entènèt piblik – ki disponib sou sit wèb sila ki gratis:

<http://www.floridalawonline.net/courts.html>.

Ou kapab konsilte kopi papyè Règ Tribinal nan Florida a nan bibliyotèk ki nan nenpòt lekòl dwa lokal yo (Ou kapab jwenn yo nan Florida International University, the University of Miami ak St.

Thomas University nan Miami-Dade County), oswa nan Bibliyotèk Legal ki nan twazyèm etaj nan tribinal Konte Miami-Dade, 73 West Flagler Street, Miami, Florida 33130.

Tribinal Twazyèm Distrik pou Apèl genyen yon sit entènèt nan adrès sila <http://www.3dca.flcourts.org/>. Nan sit entènèt sila, w ap kapab jwenn desizyon ki soti nan Tribinal la epi yon rejis lis kote ou kapab jwenn yon ka an patikilye – yon lis sou dosye ki soumèt epi ki lè yo te soumèt yo. Sit sila genyen ladan l tou adrès, repons pou kesyon moun poze souvan, ansanm ak lòt enfòmasyon sou tribinal la.

Ka Kriminèl ak Delenkan Jivenil: Nan ka apèl ki genyen pou wè ak ka deli, krim grav ak ka delenkan jivenil, biwo defansè piblik yo kapab bay èd legal pou akize ki genyen kondisyon finansye spesifik.

- (a) Ofis Defandè Piblik, Miami-Dade County 1320  
N.W. 14<sup>th</sup> St.  
Miami, Florida 33125  
(305) 545-1961  
[www.pdmiami.com](http://www.pdmiami.com)
  
- (b) Defandè Piblik nan Monroe County  
Biwo nan in Key West (1111 12th Street, Suite 311,  
(305) 295-3100); nan Marathon (4695 Overseas Hwy., Suite 2,  
(305) 289-6015); ak nan Plantation Key (50 High Point  
Rd., Suite 103, Tavernier, (305) 853-7410).  
Sit entènèt: <http://robertlockwood.org/>

Sèvis San Pwofi ak Volontè. Genyen plizyè gwoup san pwofi ak volontè oswa “pro bono” ki bay asistans legal gratis oswa a ba pri bay moun ki pa genyen mwayen pou peye yon avoka prive. Menm si chak gwoup genyen pwòp règ li, an jeneral, yon moun dwe kapab pwouve ke salè li ak pwopriete li pi ba ke yon sèten nivo pou li kapab jwenn sèvis sa yo. Lis ki pi ba a, se pa yon lis konplè men li genyen enfòmasyon sou gwoup ki genyen anpil ane prezans ak eksperyans nan Sid Florida.

- (a) Legal Services of Greater Miami, Inc. [Biwo Prensipal] 4343 West Flagler Street, Suite 100  
Miami, Florida 33134  
(305) 576-0080  
[www.legalservicesmiami.org](http://www.legalservicesmiami.org)

Monroe County: (866) 686-2760 (ak aksè a travè menm sit entènèt ki nan Biwo Prensipal la)

Legal Services of Greater Miami, Inc., se yon yon konpayi San Pwofi ki genyen prèske 30 anplwaye avoka landan li. Legal Services ede klyan ki pa genyen gwo mwayen nan Konte Miami-Dade ak nan Florida Keys (Konte Monroe). Avoka Legal Services yo bay èd pou ka ki genyen pou wè ak eviksyon epi sezi kay, dèt konsomatè, benefis piblik (tankou kupon manje, asistans lajan, asistans pou chomaj ak sekirite sosyal pou andikap), pwoblèm edikasyon timoun tankou timoun ki genyen andikap ansanm ak lòt tip ka sivil. Ou kapab jwenn detay sou

jan pou ou aplike pou sèvis sa yo nan lyen sila:

<https://www.legalservicesmiami.org/contact-hours>

(b) Dade Legal Aid  
123 N.W. First Avenue  
Miami, Florida 33128  
(305) 579-5733  
Email: [psb@dadelegalaid.org](mailto:psb@dadelegalaid.org)  
<http://dadelegalaid.org>

Dade Legal Aid se yon kabinè legal k ap travay pou bay sèvis legal sivil gratis pou rezidan Miami-Dade ki pa genyen gwo revni.

“Put Something Back” se yon pwojè ofisyèl Onzyèm Sikwi jidisyè a, Asosyasyon Bawo Konte Dade ak Dade Legal Aid, bay avoka gratis pou ede klyan elijib ki pa genyen gwo revni epi ki pap kapab jwenn sèvis nan men lòt ajans nan Konte Miami-Dade.

Pou aplike: Madi ak jedi, “Put Something Back” ap egzamine klyan pou gade elijibilite salè yo ak tip ka yo. Lè yo aksepte yo, y ap refere klyan elijib yo bay avoka prive ki ta dakò pran ka yo a san yo pa fè klyan an peye. Menm si sèvis avoka a gratis, klyan yo kapab gen responsabilite pou yo peye kèk frè ak lòt depans. Pwojè sila pa jere ka ijans, kriminel, ka ki kreye frè, blesi pèsonèl, ka trafik oswa ka neglijan medikal. Si ka ou a ta bezwen yon atansyon an ijans, tanpri kontakte sèvis pou Refere Avoka nan:

<https://www.dadecountybar.org/page/pubreferralservice>

Pou plis enfòmasyon, kontakte [psb@dadelegalaid.org](mailto:psb@dadelegalaid.org)

(c) Fòmilè pou ede tèt ou – Sit entènèt Tribinal Sikwi a

W ap jwenn gid pou ede tèt ou pou moun ki pa avoka epi ki genyen pwoblèm legal nan Miami-Dade County, tankou fòmilè, nan sit entènèt sila: <https://www.jud11.flcourts.org/Self-Help-Center>.

- (d) Cuban American Bar Association (CABA) Pro Bono  
2400 South Dixie Highway  
Miami, Florida 33133  
(305) 646-6006  
Adrès elektwonik:  
[info@cabaprobono.com](mailto:info@cabaprobono.com)  
<https://cabaprobono.com/>

Pwojè sèvis legal san pwofi sila baze nan Miami. Li asiste moun ki defavorize, moun san gwo mwayen ki viktim abi epi ki pami moun ki 125% nan gid federal povrete a, ansanm ak ka moun yo sezi kay yo ki pami moun ki nan 275% nan gid federal povrete a.

- (e) Bankruptcy Bar Association of the  
Southern District of Florida  
Komite Pro Bono  
(Fòmilè pou referans ak enfòmasyon kontak  
pou chak County disponib nan:  
<http://www.bbasdf.org/article.html?aid=107> )

Sa se yon lòt pwojè “pro bono” ke avoka nan Sid Florida etabli. Genyen volontè espesyalis nan fayit ki ede moun ki pap kapab anplwaye yon avoka prive. Avoka sa yo ka renegosye dèt yo oswa ede yon klyan jwenn yon “nouvo debi” oswa yon lòt plan peman nan tribinal fayit yo.

- (f) Asistans pou jwenn benefis chomaj

An plis asistans Inite Benefis Piblik yo bay nan Legal Services of Greater Miami (nou bay kontak yo pi wo), ou kapab jwenn gid espesyal pou ede tèt ou pou benefis sa yo nan sit entènèt <http://www.floridajobs.org/help-center---contact-us>

### Enfòmasyon pou ede tèt ou ak Fòmilè ke Tribinal Leta Florida yo bay

Tribinal Florida yo devlope yon aplikasyon sou telefòn entelijan yo pou yo kapab bay enfòmasyon ak fòmilè ki kapab ede moun ki pa gen avoka ak tout pwoblèm legal yo kapab genyen. Aplikasyon sa rele “Florida Courts Help” epi tout detay aplikasyon sila disponib la:

<https://help.flcourts.org/download-the-app/>

Sit entènèt santralize ki genyen enfòmasyon pou ede tèt ou ak fòmilè, tankou enfòmasyon sou sit entènèt pou ede tèt ou yo nan tout Florida disponib la:

<https://www.flcourts.org/Resources-Services/Court-Improvement/Self-Help-Information>

Mizajou: Jiyè 2019

Rezime sila fèt pou enfòmasyon sèlman, epi li pa fèt pou li bay konsèy pwofesyonèl oswa legal sou yon pwoblèm legal spesifik, epi tou li pap ranplase sèvis yon avoka oswa li pa konstitye yon deklarasyon sou politik ofisyèl oswa pwosedi nenpòt ki moun kapab itilize nan preparasyon pou yo ale devan nenpòt ki tribinal.